**Пән: Адам ҳәм оның ден саўлығы.**

**Класс: 6**

**Сабақтың темасы:** Ас сиңириў системасы.

**Ўақты: 45 минут**

**Сабақтың мақсети:**

**1. Билим бериўшилик**. Оқыўшылар ас сиңириў системасының әҳимийети, ас сиңириў органларының дүзилиси ҳәм ўазыйпалары ҳаққында билимлерге ийе болады.

**2. Тәрбиялық мақсет**: Оқыўшыларда ас сиңириў органларының гигенасы, асқазан-ишек кеселликлери ҳәм олардың алдын алыў, өз саламатлығына жуўапкершилик пенен қараўға тәрбиялаў.

**3. Раўажландырыўшы мақсет**: Оқыўшыларда өз бетинше ислеў, еркин пикирлеў көнликпелерин раўажландырыў.

**Сабақты қураллandырыў**: Ас сиңириў системасы бойынша оқыў плакат, оқыў филими, тарқатпа материаллар, сүўретлер, сабақлық.

**Сабақтың түри:** Дәстүрий емес.

**Сабақтың барысы**.

**Шөлкемлестириў.(2-3 минут)** Класс тазалығын ҳәм оқыўшылар қатнасын барлаў, темаға байланыслы көрсетпелерди илдириў.

**Сабақтың алтын қағыйдалары:**

1. Дыққат пенен тыңлаў
2. Сабаққа белсене қатнасыў.
3. Достыңның пикирин тыңлаў.
4. Дәслеп ойлан соң айт.
5. Оң қол қағыйдасы.
6. Тәртипти сақлаў.

Оқыўшылардың Ас сиңириў системасы бап бойынша алған билимлерин «Карусел» методынан пайдаланып анықлаймыз.

## Карусел методы

**Методтың сыпатламасы.** Бул метод оқыўшыларды өткен темаларды ядына түсириўге, логикалық жақтан пикирлеп, берилген сораўларға еркин түрде жуўап бериўге ҳәм өз-өзин баҳалап үйретиўге ҳәмде қысқа ўақыт ишинде муғаллим тәрепинен барлық оқыўшылардың ийелеген билимлерин баҳалаўға қаратылған.

**Мақсети:** Оқыўшыларды сабақ барысында логикалық (мазмунан) жақтан пикирлеўге, өз пикирлерин еркин түрде баян ете алыў, өзлерин баҳалаў, жеке ҳәм топарларда ислеўге, басқалар пикирлерине ҳүрмет пенен қараўға, көп пикирлерден ең кереклисин, мақулын, сайын таңлап алыўға үйретиў.

**Методтың қолланылыўы**: Методты оқыў шынығыўларының барлық түрлеринде, сабақ басланыўында ямаса ақырында, оқыў предметиниң қандайда бир бөлими тамамланғанда, өтилген темаларды оқыўшылар тәрепинен өзлестиргенлик дәрежесин баҳалаў, такрарлаў, беккемлеў, ямаса аралық ҳәм жуўмақлаў бақлаў жумыслары ушын мөлшерленген. Булл методты сабақ барысында, оның бир бөлиминде жеке, киши топарда ҳәм биргеликте шөлкемлестириў мүмкин.

**Пайдаланатуғын ресурслар:** тарқатпа материаллар, реңли қәлемлер (ямаса фломастерлер), флипчартлар, баҳалаў ушын реңли карточкалар.

**Түсиндирме:** жоба бойынша белгиленген тема тийкарында ҳәмде муғаллимниң алдына қойған мақсетине (тексериў, беккемлеў, баҳалаў) сай таярланған тарқатпа материаллар. Егер жеке тәртипте өткериўге мөлшерленген болса, топар оқыўшылары санына, егер киши топарда өткериўге мөлшерленген болса, ол жағдайда топарлар санына қарап тарқатпа матриаллар таярланады.

**Өткериў тәртиби:**

-оқыўшыларды топарларға бөлиў (жағдайға қарап);

-оқыўшылар шынығыўды өткериўге қойылған талаплар ҳәм қағыйдалар менен таныстырылады;

-тарқатпа матриалларды топар ағзаларына тарқатыў;

-топар ағзалары тәрепинен жеке ҳалда еркин түрде тарқатпа материаллардағы ўазыйпаларды орынлайды;

-ҳәр бир топар ағзасы өзи ислеген тарқатпа матриалдың оң мүйешине топар санын ямаса атын жазады, шеп мүйешине өзиниң қандайда бир белгисин белилеп қояды;

-ўазыйпа орынланған тарқатпа матриаллар басқа топарларға «карусел» тийкарында (саат стрелкасының айланыўы бойынша) айландырылады (алмастырылады);

-топарлар бир-бири менен алмастырған ўазыйпаларын үйренип шығады ҳәм өзгешеликлер киртпекши болса жазады;

-сол тәризде ҳәр бир топардың өз тапсырмалары өзлерине келгенше даўам етеди;

-ҳәр бир топар ағзалары белгилеген жуўапларын басқа топар ағзаларының жуўапларын, дүзетиўлерин салыстырады ҳәм талқылайды;

-муғаллимниң тарқатпа матриалда берген ўазыйпаларын оқыйды ҳәм ҳәммеси биргеликте дурыс жуўапларын белгилейди;

-ҳәр бир топар оқыўшы дурыс жуўап пенен өзлери белгилеген жуўаплар парқын анықлайды, тийисли балларын алады ҳәм өз-өзин баҳалайды.

**Түсиндирме:** Оқыўшылар берилген тапсырманың 56%-70% ине жуўап берген болса, берилген материалды өзлестирген, 56%тен төмен болса өзлестире алмаған деп баҳаланады. Егер 72%-85%ине жуўап берсе жақсы, 85%-100%ине жуўап берсе айрықша деп баҳаланады.

-оқыўшылар өз баҳаларын ямаса балларын белгилеп алғанан кейин муғаллим тарқатпа матриалларды жыйнап алады ҳәм баҳаларын қояды.

**«Қалай ас сиңиремиз? »**

**Өткериў тәртиби:**

**1-қәдем**: **Топарларға бөлиў:** Оқытыўшы оқыўшыларды өзи қәлеген усылда 8 топарларға бөлинеди. Ҳәр бир топарға тапсырма жазылған флипчарт, бир-биринен парқ ететуғын реңли маркер береди.

**2-қәдем: Ўазыйпа:** Ҳәр бир топар ағзалары ойласып алдындағы флипчартқа жазылған ас сиңириў системасына тийисли органлардың қызметлери ҳаққында мағлыўмат жазады. Ўақыт 30 секунд. 30 секундтан соң саат стрелкасы айланыўы бойынша топарлар өзлериниң флипчартларын алмастырады. Ең биринши берилген флипчарт өзлерине қайтып келмегенше даўам еттириледи. Соң ҳәр бир топардан биреўи өз жумысларын түсиндирип береди. Шынығыў биргеликте талқыланып оқытыўшы улыўмаластырып жуўмақлайды.

Тарқатпа-1

**1-топар**

| Аўыз бослығы |
|---|
| 1. |
| 2. |
| 3. |
| 4. |

**2-топар**

| Қызыл өңеш |
|---|
| 1. |
| 2. |
| 3. |
| 4. |

**3-топар**

| Асқазан |
|---|
| 1. |
| 2. |
| 3. |
| 4. |

**4-топар**

| Жиңишке ишек |
|---|
| 1. |
| 2. |
| 3. |
| 4. |

**5-топар**

| Жуўан ишек |
|---|
| 1. |
| 2. |
| 3. |
| 4. |

**6-топар**

| Баўыр |
|---|
| 1. |
| 2. |
| 3. |
| 4. |

**7-топар**

| Өт қалта |
|---|
| 1. |
| 2. |
| 3. |
| 4. |

**8-топар**

| Асқазан асты бези |
|---|
| 1. |
| 2. |
| 3. |
| 4. |

**Бақалаў**: **(3-минут)** Сабақ барысында жақсы қатнасып сораўларға жақсы жуўап берген оқыўшыларды баҳалаў.

**Үйге тапсырма бериў**: **(2 минут)** Ас сиңириў системасы бапты оқып түсинигин беккемлеў.

Жуўмақлаў

Аўезова Гүлистанның сабақларын бақлағанымызда ҳәр бир темаға қойыған мақсетине жеткенлиги таза тема бойынша оқыўшылардың түсиниклерин беккемлеў ўақтында айқын болады. Себеби оқыўшылары сораўға жуўап бергенде, ҳәр қыйлы тапсырмаларды орынлағанда, картадан сорағанда, шынығыўлар өткергенде еркин түрде жуўап берип, тапсырмаларды орынлап сабаққа белсене қатнасып отырады. Муғаллимниң пикиринше оқыўшылар дәрежесине түсип келиң биргеликте үйренейик деўге таяр болыў керек дейди.

Муғаллим ҳәр бир оқыўшының билим дәрежесин, уқыплылығын, сабаққа қызығыўшылығын үйренген ҳалда жеке ислесиўге, тапсырмалар бериўге ҳәрекет етеди ҳәмде сабақ барысында жол-жоба берип барады. Оқыўшылар менен ислесиў барысында өтип атырған темада қандай билим, көнликпе, уқыплылыққа ийе болыў кереклилигин анықлап соларды пайда

ететуғын тапсырмалар берип барады. Муғаллимниң сабақ өтиў барысында және бир үлкен педагогикалық шеберлигиниң бақланғанлығы сонда, өтип атырған тема бойынша толық, анық теориялық түсиниклер берип болып, әмелий түрде орынлаўы керек болған тапсырмалардың, усыл ҳәмде шынығыўлардың дурыс таңланғанлығы.

Аўезова Гүлистан оқытыў шеберлигиниң жоқары дәрежеде болыўы, оның өз үстинде тынбай ислеўи, пәнине байланыслы қосымша методикалық әдебиятларды көбирек оқып излениўи болып табылады. Аўезова Гүлистанның пикиринше ҳәр бир муғаллимниң жақсы оқытқанлығы, жумысты жақсы алып барып атырғанлығының негизги көрсеткиши, айнасы оның оқытып атырған класс оқыўшыларының билим дәрежесиниң мониторинги дейди. Аўезова Гүлистанға республикамыз келешеги болған жасларға тәлим-тәрбия бериўдеги әдиўли мийнетлерине табыслар, күш ғайрат тилеп қаламыз.